LEERAL YI

Aaróona : Magu yonent Yàlla Musaa la woon. Yàlla tànn na ko, mu jëkka doon sarxalkat bu mag ba ci biir bànni Israyil.

Abba : Mu ngi tekki « pàppa » ci làkku yawut.

Abiya : Dafa soqikoo ci Aaróona. Seetal : **Aaróona**.

Agaripa : Seetal : **Erodd**.

Albaatar : Xeer wu weex ni kew la te rafet. Daan nañu ci yett ay njaq.

Aleluya : Waxu yawut la, juy tekki « Na Boroom bi màgg. »

Alfa ak Omega : Ci làkku gereg, alfa mooy jëkk ci araf yi, omega mujj ci. Kuy Alfa ak Omega nag mooy njàlbéen gi di muj gi.

Almasi bi : Baat bii mu ngi jóge ci làkku araab, sukkandiku ci làkku ebrë, te muy tekki « Kirist » ci làkku gereg. Seetal nag : **Kirist**.

Alowes : Gàncax la, gu ñu daan génne ndox mu wex ca xob ya, def ko ci néew yi.

Alyaasa : Yonent la woon, bu donnoon yenu yonent Yàlla Ilyaas.

Anet : Moom ak kumin ay doomi garab yu saf lañu.

Baal : Xërëm la woon ; waa Kanaan defoon ko Yàlla.

Babilon : Babilon dëkku penku la woon, di péeyug réewu Kalde. Fa la bànni Israyil nekke jaam ca 566–536 at lu jiitu Kirist. Léeg-léeg xanaa ñu misaale ko dëkku Room, ak it nguur, giy bëreek Yàlla ci mujug jamono yi.

Balaam : Ku mbubboo turu yonent la woon, te fexe woona rëbb bànni Israyil, ngir sàkku alal.

Balag : Balag buur la woon ci jamonoy yonent Yàlla Musaa. Moo yilifoon waa Mowab te fey Balaam, ngir mu rëbbal ko bànni Israyil.

Bàmmeel : Ca jamono jooja, néeg la woon, bu ñu yett ci doj, wutal ko bunt, ba nit di fa mana dugg.

Bànni Israyil : Israyil mooy tur, wa Yàlla jox Yanqóoba, doomu Isaaxa, di sëtu Ibraayma. Ñi wàcc ci Yanqóoba nag lañuy wooye bànni Israyil walla it Yawut yi. Ñoo def fukki giir ak ñaar, di yi soqikoo ci doomi Yanqóoba.

Bañaaleb Kirist : Mooy aji weddi ji ñuy wax Masi Dàjjaal, miy jóg ci mujug jamono, ngir yilif àddina te bëre ak Yàlla.

Barsàq : Mooy dalub ñi dee. Ñi jub ñoo fa texe, ñi jubadi ñoo fa am mbugal, xaar àtteb bés bu mujj bi feddali loolu.

Beelsebul : Seetal : **Seytaane**.

Beliyar : Seetal : **Seytaane**.

Beñamin : Caatu Yanqóoba la, moom mi sos giir ci bànni Israyil, mu jàpp ci Yude, ba réew ma xàjjalikoo. Sóol mi doon buur bu jëkk ci Israyil, ca la bokk.

Bésub noflaay bi : Moo doon juróom ñaareelu bés ca ayu-bésu Yawut ya. Ca lañu daan noppalu te di ci màggal Yàlla.

Bineegar : Biiñ bu wex la woon, bi ñu daan jox ñi ñuy rey ci bant, ngir giifal seen metit.

Cuuraay : Bànni Israyil daan nañu taal cuuraay ci seen jaamu Yàlla, muy sarax su jëm ci Yàlla, di misaalum ñaan ci Yàlla.

Daawuda : Moo doon buur bu mag ci bànni Israyil, di yonent bu bind lu bare ci Sabóor.

Damm mburu : Mooy misaal njot, gi Yeesu Kirist jagleel ñi ko gëm, ci li ñu damm yaramam te tuur deretam.

Daraxma : Seetal : **Xaalis**.

Denariyon : Seetal : **Xaalis**.

Diw : Ca làmp yooyu, diwu oliw lañu ca daan def, ni ñuy defe petarool ci làmpi tey.

Doj wu réy : Mooy doju wolukaayu pepp, di doj wu réya réy, sësoo ak moroomam.

Doomu nit ki : Tur la, wu yonent Yàlla Dañeel doon wooye Almasi bi lu jiitu juddoom. Day wone suufeg Kirist, mi wàcc, ba jël sunu bindu doom Aadama, wone it ndamam, moom mi yore bépp sañ-sañ ak bépp àtte. Yeesu tudde na ko boppam.

Doomu Yàlla : Tur wii tekkiwul ne, Yàlla moo jur Yeesu mook Maryaama, ndaxte loolu araam na. Tekkiwul it ne, dañoo màggal nit, ba di ko méngale ak Yàlla. Waaye day tekki ne Yeesu mooy Kàddug Yàlla, di ki dippeekoo ci Yàlla te feeñal jikkoom. Ku gis doom, xam nu baayam mel. Ku gis Yeesu kon, xam nu Yàlla mel.

Dugub : Noonu lañu tekkee pepp mi ñuy wax bele.

Ebrë : Yonent Yàlla Ibraayma Ebrë la woon. Ebrë am na ñu koy wax Ibraan ba tey. Xeet wi soqikoo ci moom te sëtoo ci Yanqóoba, moom lañuy wooye Ebrë. Seen làkk mooy ebrë mbaa ibraan walla yawut.

Epikuren : Kureel la woon, bi sës ci njànglem Epikur (mu faatu 270 at lu jiitu Kirist) te fonk bànneex, ba mucc ci bépp tiis.

Erodd : Amoon na juróomi buur yu tudd Erodd :

1. Ki ñuy wax Erodd bu mag ba, moo falu woon ca Israyil 40–4 j.K. (=lu jiitu Kirist) (Macë 2.1, Luug 1.5).
2. Doomam, ji tudd Arkelawus ; moo falu woon ci diiwaani Yude 4 j.K. ba 6 g.K. (=gannaaw juddub Kirist) (Macë 2.22).
3. Beneen doomam bu ñuy wax Antipas ; moo yilifoon diiwaani Galile ak Pere 4 j.K. ba 31 g.K. (Macë 14.1, Màrk 6.14, Luug 3.1, 23.7, Jëf ya 4.27).
4. Sëtu Erodd bu mag ba, ñu di ko wooye Agaripa ; moo faluwoon ci diiwaan yu bare ci Israyil 37–44 g.K. (Jëf ya 12.1, 23.35).
5. Doomu kooku falu woon na ci ay wàll yu féete bëj-gànnaar. 40–70 g.K. (Jëf ya 25.13).

Esayi : Yonent bu mag la woon, bu jamonoom jiitoo woon juróom ñaar téeméeri at jamonoy Kirist. Wax na lu bare ci ñëwug Almasi bi, xanaa juddoom, liggéeyam, deeyam ak ndekkiteem.

Estateer : Seetal : **Xaalis**.

Estowisen : Kureel la woon, bu sës ci njànglem Senon (mu faatu 265 at lu jiitu Kirist), te fonk naagu, ba baña yég dara, muy bànneex mbaa naqar.

Farisen ya : Tariixa lañu woon ci biir Yawut yi. Ñu sawar lañu woon ci sàmm yoonu Musaa, waaye boole nañu ca seen farata, ba seen njaamug Yàlla mujja nekk ngistal, te làmboo xeebte ci ñi bokkul ci ñoom.

Figg : Garabu figg dafa niroo ak xël, te am ay doom yu neexa lekk.

Fuddën : Noonu lañu tekkee gàncax gu ñuy wax mutàrd. Mu am pepp mu sew ni doomu fuddën, te bu saxee, def garab guy tollook 1,5 m. ba ci 5 m.

Fukki giir ak ñaar : Seetal : **Bànni Israyil**.

Gaalu kóllëre ga : Gaal gi ñuy wax fii waxande la, wu ñu denc àlluwa, ya ñu bind yoonu Yàlla te yonent Yàlla Musaa jottali ko. Yàlla daa joxoon Musaa àlluway xeer yooyu, bind ca yoon wa lal kóllëre ga mu fas ak bànni Israyil.

Gaana : Baat bi man na ëmb yeneen jàngoroy der, yu dul ngaana kese.

Gaayi Kirist : Mooy ñi yaakaar ci Kirist, ñu di léen wax Kercen.

Gadara : Dëkk la woon ci diiwaanu Fukki dëkk ya. Serasa it moo ciy dëkk bu ràññiku.

Gàngune ma : Moo di fa buur biy toog.

Géeju Barax ya : Moom la Yàlla xàll, ba bànni Israyil jàll, bi mu léen rëccalee ci loxoy Firawna.

Ibliis : Seetal : **Seytaane**.

Ibraayma : Jamonoy Ibraayma jiitoo na jamonoy Yeesu Kirist lu xawa tollu ni ñaari junniy at. Yàlla digoon na Ibraayma doom, mu di ko nég diirub ñaar fukki at ak juróom, Isaaxa doomam doora juddu, fekk Ibraaymaa ngi woon ci téeméeri atam.

Ilyaas : Yonent bu mag la woon, bu jiitu jamonoy Kirist ci juróom ñetti téeméeri at. Bindul téere.

Isayi : Mooy baayu yonent Yàlla Daawuda, mi bind Sabóor. Almasi bi, maanaam Kirist, ci moom la soqikoo.

Jot : Doom Aadama yépp ñu ngi ci notaangeg bàkkaar, mel ni ay jaam. Ni ñu daan feye njég ngir goreel jaam, noonu la Yeesu Kirist joxee bakkanam, ngir jot doom Aadama.

Juróom ñaari Xeli Yàlla yi : Ñooy misaal Xelum Yàlla ci liggéeyam bépp.

Juutikat : Ca jamono yooya juutikat ya nekkoon nañu ñu dëng. Gannaaw nangu woon nañoo liggéeyal waa Room, Yawut ya teg nañu léen ni ñu génn aw xeet, ba tax ñu sib léen.

Kaala ga : Ca jamono yooya, ñi yore nguur ñoo daan kaalawu, mel ni màntob buur. Te it ña daan raw ci ay po, kaalag xobi garab moo doon seen tiitar. Kaala nag mooy misaal añ, bi Yàlla dencal ñi jub.

Kàmb gu xóot ga : Mooy fa ñu tëj Seytaane ak malaaka yi ànd ak moom, di léen nége seen mbugal.

Kastor ak Polugsë : Dañuy wax it Josiir, di séexi Sës, mi Gereg yi tegoon Yàlla. Ci seen xalaat, ñoo daan musal ñi nekk ci géej.

Këlódd : Seetal : **Sesaar.**

Ki wara ñëw : Mooy Kirist, muy Almasi bi yonent yépp waxoon.

Kirist : Kirist baatu gereg la, di Almasi bi ci làkku yawut, muy tekki « ki Yàlla fal ngir mu liggéeyal ko. » Yawut ya, bu ñu masaana fal kenn, dañu daan sotti diw ci boppam, muy yonent, muy sarxalkat mbaa buur. Kirist, Almasi bi nag, mooy ki Yàlla sol Xelam, ngir wone ne mooy Yonent, bi nuy jottali xibaaru jàmm fa kanam Yàlla ; di Sarxalkat, bi nu ubbil bunt fa Yàlla ; ak Buur, bi yilif ñépp ak yépp.

Koor : Seetal : **Màggali Yawut yi**.

Kore : Moo doon xëccook yonent Yàlla Musaa, te Yàlla àtte na ko, ci li ko suuf wann.

Kureelu àttekat ya : Moo doon mbooloom njiiti xeet wa ca Yerusalem. Ëmboon na sarxalkat yu mag ya, kër yu ràññiku, magi xeet wa ak ay xutbakat ; muy mbooloom juróom ñaar fukki nit.

Laar : Yawut ya daan nañu takk ay laar ci seeni cati mbubb, ngir fàttali léen yoonu Yàlla. Waaye njiiti yoon ya def ay laar yu gudd ci naaféq, ngir nit ñi naw seen ragal Yàlla.

Lewi : Lewi kenn la woon ci fukki doomi Yanqóoba ak ñaar, ñoom ñi sos bànni Israyil. Lewi mooy maamu Musaa ak Aaróona. Aaróona miy mag moo doon sarxalkat bu mag ba. Ñenn ci ñi soqikoo ci moom ñoo daan donnante liggéeyu sarxale bi. Ña ca des ñoo léen daan jàpple ci liggéeyu kër Yàlla ga.

Màggali Yawut yi :

Mucc ba : Bésu Mucc ba daa na xew ca Yawut ya ca seen weer wu jëkk, mu dëppook awril ci weeru tubaab. Bànni Israyil daan nañu ca fàttaliku la xewoon ca réewu Misra ca jamonoy yonent Yàlla Musaa. Booba maam ya rendi woon ay gàtt, taqal deret ja ca seeni buntu kër, ba tax malaakam bóomkat bi jéggi seeni kër. Noonu Yàlla dina léen yiir ci musiba, mi mu nara wàcce ca Misra, te goreel léen, génne léen ca loxoy Firawna, buur Misra, ba génne léen réew ma.

Mburu ma amul lawiir : Moo topp ca bésu Mucc ba, di màggalu ayu-bés. Ca la Yawut ya daan lekke mburu mu amul lawiir, di misaal ni seen xol wara selle fa kanam Yàlla.

Pàntakot : Ca ñetteelu weeru Yawut lañu ko daan amal, mu daan tàmbali gannaaw bu bésu Mucc ba weesu lu mat juróom ñaari ayu-bés. Ca lañu daan sante Yàlla ndax naataange, ja mu léen may ca ngóobum bele. Ca màggal googu la Yàlla amaloon li Yeesu digoon taalibe ya naan : « Baay bi dina leen jox beneen Dimbalikat buy nekk ak yéen ba abadan, » ci li mu tuur Xel mu Sell mi ci kaw mbooloom ñi gëm.

Koor ga : Amoon na ca fukkeelu fanu juróom ñaareelu weer wa. Ca bés booba la sarxalkat bu mag ba yóbbu deretu mala fa kanam Yàlla, ngir mu baal Yawut ya seeni bàkkaar. Bés bu sella sell la woon, ca lañu daan yendoo woor.

Mbaar ya : Moo topp ca Koor ga, ca juróom ñaareelu weer wa. Juróom ñetti fani màggal ga yépp, bànni Israyil dëkk ci ay mbaar, ngir màggal jamono, ja ñu génne Misra, di wëndeelu ca màndiŋ ma.

Sellale ba : Màggal la woon ci juróom ñeenteelu weer, te xew diirub juróom ñetti fan, di fàttali bés, ba ñu sellale woon kër Yàlla ga ca ayug sarxalkat Yudaa Makabe, maanaam ñu génne fa nataali bokkaale yu waa Room.

Malaaka mu bon : Seetal : **Seytaane**.

Mànn : Moo di ñam wa Yàlla wàcceeloon Musaa ak bànni Israyil, ba ñu gàddaayee Misra, jëm ca réew ma léen Yàlla digoon.

Mbaar ya : Seetal : **Màggali Yawut yi**.

Mburu ma amul lawiir : Seetal : **Màggali Yawut yi**.

Mburu ya ñu teewal ca kanam Yàlla : Ayu-bés gu nekk sarxalkat ya daan nañu fab fukki mburu ak ñaar, teewal ko ca kanam Yàlla, mu nekk misaalu njébbalug bànni Israyil ca Yàlla.

Melkisedeg : Buuru Salem la woon, di sarxalkat bu Yàlla faloon ci jamonoy Ibraayma, maanaam ñeenti téeméeri at laata Aaróona di yor yenub sarxalkat.

Melow asamaan : Ca réewu Israyil asamaan su xonq ag suba taw lay tegtal. Waaye su xonqee ag ngoon, ñu jàpp ne du taw. Taw bi sowu la fay jóge, féete ak géej gi, waaye ngelaw liy jóge sudd dafay indaale tàngaayu màndiŋ ma.

Miir : Ndàbb la woon, luy génn ca ay garab ca réewi penku, te xeeñ lu neex, ñu di ko boole ci li ñuy naan, ngir dolliku cawarte. Moom lañu daan diw néew yi.

Molog ak Refan : Ay xërëm lañu woon, yu ñu daan tëkkale ak biddiiw yi.

Mucc ba, bésu Mucc ba : Seetal : **Màggali Yawut yi**.

Musaa : Yonent Yàlla Musaa yonent bu mag la woon. Moo jiite bànni Israyil, bi ñu gàddaayee réewu Misra. Ca moom la Yàlla jaarale téere bi ñuy wax Tawreet, mu ëmb ndigal yi ñuy wooye yoonu Musaa.

Nikolas : Mbooloo lañu woon, mu daan jàngle xalaat yuy sànke, te fonklu jaamu ay xërëm ak moy Yàlla.

Njot ga : Seetal : **Jot**.

Ogust : Seetal : **Sesaar**.

Oliw : Garabu oliw dafa xawa mel ni sump, te am doom yu ñuy nal, ngir def diw ; dinañu ko jariñoo ngir togg ak taal làmp.

Osaana : Mooy tekki : « Yàlla musal nu ! » di mujja nekk baatu màggal Yàlla.

Pàntakot : Seetal : **Màggali Yawut yi**.

Pilaat : Poñsë Pilaat moo taxawaloon nguuru Room ci diiwaanu Yude, 26–36 gannaaw juddub Kirist. Moo joxe ndigal, ñu rey Yeesu mu tedd mi.

Piriska : Piriska mooy Pirsil ba tey.

Ramatu : Ca Mbind mu jëkk ma, picc mu nirook sawóor lañu wax.

Rasel : Rasel, mi doon soxnas yonent Yàlla Yanqóoba, mu ngi misaal bànni Israyil.

Ru : Gàncax la, gu ay xobam di safal ak di faj.

Sadusen ya : Tariixa lañu woon ci biir Yawut ya, di ña am alal ca sarxalkat ya, te ña am doole ca nguur ga. Gëmuñu woon ne àllaaxira am na, mbaa malaaka yi.

Samari : Mooy diiwaan ba nekkoon diggante Yude ak Galile. Ñu bare ci waa Samari ay làkk-kat lañu woon, kon Yawut ya tegoon nañu léen ni ay yéefar, ba tax ñu noonoo.

Sànnes ak Sàmbares : Ñaari luxuskat lañu woon, ya fexee woona bëre ak yonent Yàlla Musaa.

Sarxalkat : Sarxalkati Yawut ya ñoo doon kureel, bi daan taxawal xeet wa fa kanam Yàlla. Yàlla tëral na ñu rendi ay sarax, ngir mu gis deret ji, baale bàkkaar yi. Kon ñoo daan rendi sarax ya, di ñaanal xeet wa ca kër Yàlla ga. Sarxalkat bu mag ba moo ca doon kilifa, te muy misaal Almasi bi Yeesu, mi nu yóbbu fa Yàlla.

Sarxalukaay ba : Sarxalukaay ba nekkoon na ci biir kër Yàlla ga. Yawut ya daan nañu fa rendi ay nag mbaa ay gàtt ni sarax, ngir màggal Yàlla, te it deret ja tax mu baal léen seeni bàkkaar.

Sefas : Mooy tur wu Kirist tudde Simoŋ Piyeer, kenn ci fukki ndawi Kirist ya ak ñaar. Sefas ci làkku yawut, ak Piyeer ci làkku gereg, ñooy tekki « xeer. »

Sellale ba : Seetal : **Màggali Yawut yi**.

Serasa : Seetal : **Gadara**.

Sës ak Ermes : Ci diiney Gereg yi Sës moo jiitu woon ci lépp li ñu teg Yàlla, te Ermes doon ndawam.

Sesaar : Ca jamono yooyu Sesaar, buurub Room, yilifoon na ay réew yu bare, ba laawaale ca réewu Yawut ya. Rëdd nanu buur, yi ñu tudd seen tur ci Mbind mi :

Ogust : 30 lu jiitu Kirist ba 14 gannaaw juddub Kirist (Luug 2.1)
Tibeer : 14 g.K.–37 g.K. (Luug 3.1)
Këlódd : 41 g.K.–54 g.K. (Jëf ya 11.28)
Neron : 54 g.K.–68 g.K. (Jëf ya 25.10-12, 27.24)
Domikan : 81 g.K.–96 g.K. (Peeñu ma 1.9)

Sëtu Daawuda : Turu Kirist la, muy wone ne, ci lu jëm ci juddoom wàcc na ci yonent Yàlla Daawuda, di wone it ne, Almasi bi la.

Seytaane : Mooy malaaka mu dëddu Yàlla, ba noonoo ak moom, yóbbaale yu bare yu ànd ak moom ca jaww ja (Efes 2.7). Kirist moo ko nasaxal ca bant ba mu deeye (Kolos 2.15). Ku gëm Kirist rëcc nga ci dooleem (1 Yowaana 5.18). Yàlla dina ko mujja daan ci sawara. Tudde nañu ko it : Beelsebul (Macë 10.25 ; 12.24); Beliyar (2 Korent 6.15); Ibliis (Macë 4.1 ; 13.39 ; 25.41 ; Efes 4.27 ; 6.11 ; Peeñu ma 20.10); Malaaka mu bon (Yowaana 12.31 ; 14.30 ; 16.11); Tuumaalkat bi (Peeñu ma 12.9); yàllay jamono ji (2 Korent 4.4).

Sidon : Seetal : **Tir**.

Silas : Turu Yawut la woon. Waa Room ñoo ko wax ak a bind Silwan.

Silwan : Seetal : **Silas**.

Siren : Péeyu Libi la woon.

Siyoŋ : Mooy turu tund, wa ñu tabax Yerusalem ci kawam. Te it mu ngiy tekki xeetu Yawut yi ci boppam.

Sodom ak Gomor : Dëkk yu siiw lañu woon ca jamonoy Ibraayma, te seeni bàkkaar fés, ba Yàlla tas léen. Léeg-léeg turam dafay misaal bàkkaar, yi waa Sodom daan def.

Sóob ci ndox : Yawut yi daan nañu sóob ci ndox képp ku tuub ci ñoom. Loolu nekkoon na misaalum sangu set. Ñi Yaxya daan sóob ci ndox, wone nañu ne, tuub nañu seeni bàkkaar, ba jekk ngir nangu Almasi bi. Yeesu Kirist sant na ay taalibeem, ñuy waare xibaaram ci àddina sépp, te ñi gëm ci moom, ñu sóob léen ci ndox ci turam, di wone ne, dëddu nañu lu bon tey dund ngir Yàlla.

Suleymaan : Doomu yonent Yàlla Daawuda la woon, doon buur ca Yawut ya ay at yu bare, mu am xel mu mat ak ndam lu réy. Moo tabaxlu kër Yàlla, ga nekkoon Yerusalem.

Taaw bi : Su ñu nee Yeesu Kirist mooy Taaw bi, du lu jëm ci juddoom waaye ci ndamam. Xanaa moo sut ñépp ci yilif lépp luy mbindeef. Rax-ca-dolli mooy ki jëkka dekki, te ci darajaam la nit ñiy dekkee, ba muy Boroom lépp.

Taax ma : Ca réewum Yawut ya kaw taax ya dafa telloon. Fa lañu daan tabax néeg, muy waxtaanukaay mbaa néegu gan.

Téere : Téere yooyu yoroon nañu ay aaya yu ñu jukkee ca yoonu Musaa. Yawut ya takkoon nañu léen, ngir fàttaliku ndigali Yàlla.

Teg loxo : Ndawi Kirist yi ak magi mbooloom ñi ko gëm dañuy teg nit loxo, ngir màndargaal ne, Yàlla barkeel na ko, wéral na ko, sas na ko yen, mbaa ci li mu ko may Xelam mu Sell.

Tir : Tir ak Sidon nekkoon nañu ay teeru ca diiwaanu Siri, yu siiw ndax seeni bàkkaar.

Tundu Oliw ya : Tund wu am taxawaayu 800 m. la woon, féete ci penkub Yerusalem te sëq ak ay garabi oliw. Foofa la Boroom bi Yeesu daan farala wéet ak Yàlla.

Werandaa bu Suleymaan : Mbaaru doxantukaay ak pénc la woon, ci penkub kër Yàlla ga, mu yaatu ci lu mat 14 meetar, te jàpp ci penkub kër Yàlla ga.

Xaalis : Gis nanu ci téere bii xaalisu ñetti xeet

Yawut yi amoon nañu :

lepton	Màrk 12.42 ; Luug 12.59 ; Luug 21.2.

Waa Room amoon nañu poset yii :

kodorantes	Macë 5.26 ; Màrk 12.42
asariyon	Macë 10.29 ; Luug 12.6
denariyon	Macë 18.28 (100 denariyon); 20.2, 9, 10, 13 (1 denariyon); 22.19 (1); Màrk 6.37 (200); 12.15 (1); 14.5 (300); Luug 7.41 (500 ak 50); 10.35 (2); 20.24 (1); Yowaana 6.7 (200); 12.5 (300); Peeñu ma 6.6 (1).

Gereg yi amoon nañu poset yii :

daraxma	Luug 15.8
didaraxmon	Macë 17.24
estateer	Macë 17.27
mina	Luug 19.11-27
talaŋ	Macë 18.24 ; 25.15-38

Méngale seen xaalis ak sunu xaalisu tey, lu jafee def la. Ba tey gis nanu ci Macë saar 20 ne, *denariyon* moo doon peyug bëccëg ci kuy liggéey tool, kon man nanu koo fexee yemale ak 1.000 CFA. Su nu tàmbalee lim bi nag ci *denariyon*, muy benn kepp [1], kon lii lanu ci tëral :

Yawut	Waa Room	Gereg yi	Njariñam	Li mu méngool ci xaalisu tey
lepton			÷ 128	8 faraŋ CFA
	kodorantes		÷ 64	15 faraŋ
	asariyon		÷ 16	60 faraŋ
	denariyon	daraxma	[1]	1.000 faraŋ
		didaraxmon	× 2	2.000 faraŋ
		estateer	× 4	4.000 faraŋ
		mina	× 100	100.000 faraŋ
		talaŋ	× 6.000	6.000.000 faraŋ

Xare, xarekat : Njiitu xare moo yilifoon téeméeri xarekat. Kilifag xare moo yilifoon mbooloom xarekat, mi ñuy wax kowort, di juróom benni téeméeri nit.

Xel mu Sell mi : Moo di Xelum Yàlla. Du malaaka te du mbindaafon. Téereb Yàlla nee na, Yàlla xel la (Yowaana 4.24). Mooy Dimbalikat, bi Yeesu digoon ay taalibeem, ne dina ñëw dëkk ci seen xol, di léen dooleel ak a sellal.

Xutbakat : Xutbakat ya ñoo daan firi yoonu Musaa.

Yanqóoba : Sëtu Ibraayma la. Aw turam mooy màndargaal xeetu Yawut yi.

Yaxya : Yaxya Ibn Sakari mooy yonent, bi Yàlla yónni ci bànni Israyil, ngir ñu mana tuub seeni bàkkaar, teeru Almasi bi te nangu njàngleem.

Yerusalem : Mooy péeyu réewum Yawut yi, fa kër Yàlla ga nekkoon. Foofa rekk lañu manoona def ay saraxi mala yu ñu jébbal Yàlla.

Yonent bi wara ñëw : Mooy Kirist, muy Almasi, bi Musaa ak yonent yépp waxoon.

Yosuwe : Ba Musaa faatoo, Yosuwe moo donn yen ba. Kon Yosuwe moo jiite mbooloom Israyil, ñu dugg ca réew, ma léen Yàlla digoon.